Injiil bi ngir Xale yi

Kii di ko xamlé

Màggal bu
ñjëkk bu bësu
mucc ga

Ki ko bind: Edward Hughes

Ku def illustration bi: Janie Forest
Alastair Paterson

Ki def adaptation bi: Lyn Doerksen

Ki ko tekki: Christian Lingua

Ki ko produire: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé
teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

Soxna si taxaw ci booru tund gi, ay gëtëm yu tiis nee jaak xew xew gu meeti. Doomam bu góor mungui doon dee. Yaay ji moo nekkoon Maryaama, mu taxaw ci wétu bërëp bu nga xam ne fa lañu daajoon Yeesu ci benn bant.

Naka la lii yepp xeewee?
Naka la Yeesu jeexaalee
ap dund gu rafeetee nii
ci faan bu ñaaw? Naka la
Yàlla mënee
baayi ñu daaj
doomam ay
pontu ci bant
bi mu dee fa?
Ndax Yeesu dafa
juumoon ci ku mu
nekkoon? Ndax
Yàlla dafa ñaak?

Deedeet! Yàlla ñaakul. Yeesu defulwoon benn ñjuumte. Yeesu dafa mësoona xam ni ay nit yu bon dinañ ko rey. Ba Yeesu nekkoon liir sax amoon na ap maaget bu tudu Simeyon bu waxoon Maryaama ni tiis mungui teggu ci kanam.


Ay fan balaa ñuy rey
Yeesu, benn jigéen
ñëw tuur latkoloñ bu
xeeñ neex ci ay tankam.
Taalibe yi mer di naan: "mungui
yaak xaalis". Yeesu tontu leen ne:
"Dafa def jëf ju baax" te "Def na ko ngir
bu ñu may suul." Lii ci ay kaddu yu yeeme!

Ba lii ame, Yuuda benn ci fukk ak ñaari taalibe Yeesu yi nangu wor Yeesu ca kanamu sarxalkat yu magg ya ci ñjeegu 30 estateer.

Ca bës bu Yawut ya di màggale bësu mucc ga, Yeesu am reer bu mujj bi ak ay taalibeem. Mu wax leen ay mbir yu yeeme ci Yàlla ak Ay diggeem ngir ñu Ko bëgg. Noonu Yeesu jox leen mburu ak benn Kaas ngir ñu seedoo ko. Lii doon na ngir faatëli leen ni yaramu Yeesu ak dereetam joxe na ñu ko ngir bale bàkkaar yi.

Yeesu dooli ci wax ay xaaritam ni dinañ ko wor, te dina ñu daw baayi ko. Wante Piyeer ne ko: "Man du ma la baayi", Yeesu tontu ko ne: "bala ginaar a sab, dinga ma weddi ñetti yoon."



Waxtu bu sori ci guddi googu, Yeesu dem ca toolub Setsemane ngir ñaan. Taalibe yu nekkoon ak Moom jaarefa nelaw. Yeesu di ñaan naan: "Sama Baay, bu fekkee ne kaasu naqar bii manu maa teggi te naanuma ko, kon na sa coobare am."

Ci saas ya ab mbooloo mu bëri bu Yuuda
jiite aksi ci tool gi. Yeesu jeenguwul,
wante Piyeer dagg noppu kenn ci
mbooloo mi. Ci saas yi, Yeesu
laal noppu waaji faj ko.
Yeesu xamoon na ni
nu ñu ko jàppe
bokkoon na ci
bëgg bëggu Yàlla.

Mbooloo mi yobbu Yeesu ci kërub sarxalkat bu mag bi. Foofu ñjiitu Yawut yi ne ni Yeesu dafa wara dee.

Piyeer mungui taxawoon ci wëtu xalu surge yi di seetaan.

Ñeeti yoon nit yi xool Piyeer ne ko, "Yow nekkoon nga ak Yeesu!" Ñeeti yoon mu weddi ko, ni ko Yeesu waxe woon. Piyeer dem na sax bay giiñ ak a waat.

Ko-Ko-ri-ko



Ci saas yi, ginaar
gi sab. Mu mel ni
baatu Yàlla ngir Piyeer.
Di ko faatëli kaddu
Yeesu yi, noonu Piyeer
jooy ndax nakar.

Yuuda itam rëccuwoon na lu mu defoon. Ndaxte xamoon na ni Yeesu defulwoon lenn ci lu ñu ko doon jiiñ mu di bàkkaar walla tooñ. Yuuda jëlaat 30 estateer yi delloo leen, wante sarxalkat yi bañ ko jël.


Yuuda sandi
xaalis bi ci suuf,
genn- takk buum
ci baatam xaru.

Sarxalkat yi indi Yeesu ci kanamu Pilaat, boroom réew muy téewal Room. Pilaat ne: "Gissu ma benn tooñ bu nit kii def." Wante mbooloo mi wëy di yuuxu "Daaj ko ci bant! Daaj ko ci bant!"

Pilaat mujje xaadi, ne ñu daaj Yeesu ci bant bi. Xarekat yi door Yeesu, tufli ko ci kanam, door ko it ay yar. Ñu ràbb °kaalag dég, teg ko ci boppam. Tegg ci ñu daaj Ko ci bant bi ngir mu dee.



Yeesu xamoon na nii la waroona deewee. Xamoon na itam ni deewam dina indi ñu baal bàkkaarkat yii ko woolu seeniy bàkkaar. Booba it ñu daajaale ak moom ñaari taskati réew ma. Kenn ki gëm ci Yeesu-te dem ajjana. Kenneen ki deet.



Ba ay waxtu meetit jaalee,
Yeesu yuuxu ne "Jeex na"
mu dee. Ay jëfëm mat.
Ay xarit suul ko
ci bàmmeel bu
bees bu kenn
deferaloon
boppam.

Ay xarekatu Room tejj
bàmmeel bi te di ko
wottu. Leegui kenn
mënuta woona dugg
ci biir-walla
genn sax.

Bu de ni lii moo waaroona
nekk mujjuté nettali bi,
kon dina tiis lool. Wante
Yàlla def lu yeeme.
Yeesu yeemul
ci dee!

Fajaar teel ci bës bu ñjëkk
ci ayu-bés, yeene ci taalibe
Yeesu yi gis ni doj bi
teejoon bàmmeel bi
dafa deñoon. Ba
ñu xoole ci biir,
Yeesu nekkatu
fa woon.

Been jigéen des ci wëtu bàmmeel bi di jooy. Yeesu feeñu ko! Mu daw gaaw ak mbeggté waxiko yeeneen taalibe yi. "YEESU MUNGUI DUND! YEESU DEKKI NA CA ÑA DEE ÑA!"

Ci lu gaaw Yeesu ñëw ci taalibe yi, mu won leen fu ñu daajoon pontu yi ci ay loxoom. Dëgg la woon. YEESU MUNGUI DOON DUNDAAT! Mu baal Piyeer ndax lu mu ko woreewoon, noonu mu sant ay taalibeem ñu xamle ko feep. Noonu mu deluwat ci kaw Asamaan fu mu joggéewoon.

Màggal bu ñjëkk bu bësu mucc ga

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Macë 26-28, Luug 22-24,
Yowaana 13-21

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Ñjexté bi

Xew xewu Injiil bii daf ñuy wax ci suñu
Yàlla bu yeeme bii moom mi ñu sakk té bëgg ñu xam ko.

Yàlla xam na ni def na ñu ay mbiir yu bon, yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee, wante Yàlla def leena bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi té ñu alag ko ndax suñuy bàkkaar. Waayé Yeesu dekki na ba delu ci kaw asamaan! Boo gëmé ci Yeesu té nga ñaan ko mu baal la say bàkkaar, dina la baal! Dina ñëw dëkk ci yow leegi nii sax, té dinga dund ak Moom ba faw.

Bo gëmé ni lii dëggë lë, waxal lii Yàlla:
Yeesu, gëm na ni yow yay Yàlla, nga ñëw ci jëmu nit té dee ngir samay bàkkaar, té leegui ya ngi dundat. Mangi la koy ñaan ñëwël ci sama dund té nga baal ma samay bàkkaar, ngir ma mëna am dund gu bees leegui nii, té ma mëna nekk ak Yow ba faaw keroog ba bës ba jooté. Dimbalima ngir ma mën la déggël té di dund ngir Yow ni sa doom. Amiin.

Jàngal Injiil bit té di wax ak Yàlla bës bu nekk! Yowaana 3:16